

Li posib pou evite Epatit B.

Mande depatman sante lokal ou a kijan ou kapab fè pou rete an sante. Yo kapab ba ou resous, tankou kote pou ou al pran vaksen, pwofesyonèl swen sante ki trete HBV, ak plis toujou!

Èske ou te konnen?

Gen yon vaksen ou menm ak fanmi ou kapab pran pou pwoteje nou kont enfeksyon viris epatit B a (HBV an angle). Yon gwoup piki pandan detwa mwa kapab pwoteje ou.

HBV se koz prensipal kansè nan fwa epi souvan yo pa santi okenn sentòm.
Al teste!

Men kèk bagay ou kapab fè pou ou pa pran enfeksyon HBV a: pa fè sèks san pwoteksyon, pa pataje razwa, bwòs dan, tay zong, zegwi ak sereng, oswa glikomèt. Fason HBV simaye plis se nan san ak likid ki soti nan kò moun.

***Yo te dyagnostike
moun mwen nan
relasyon ak li a ak
Epatit B...kisa sa vle di?***

Depatman sante lokal ou a se:

**Yo te dyagnostike
moun mwen nan
relasyon ak li a ak
Epatit B...
kisa sa vle di?**

Kijan mwen kapab fè pou m pwoteje tèt mwen ak fanmi mwen?





Kisa epatit B ye?

Enfeksyon epatit B a se yon viris yo jwenn nan san an ki lakòz li. Li kapab simaye pandan sèks ak lè w gen kontak ak bagay ki ka enfekte ak san, tankou razwa, bwòs dan, tay zong, zegwi ak sereng, ak glikomèt. Viris epatit B a (HBV) kapab viv sou sifas yo pou jiska yon semèn.

Sa ou bezwen konnen:

HBV se yon maladi ki simaye nan san ak likid ki soti nan kò moun. Li pi komen kay moun k ap viv nan sèten pati nan mond lan. Men, nенpòt moun ki gen kontak ak san oswa likid ki soti nan kò yon moun ki enfekte gen risk pou pran li.

Si moun ou nan relasyon ak li an oswa yon moun k ap viv lakay ou teste pozitif pou HBV, ou ta dwe al teste tou pou wè si ou gen viris la. Si ou pa gen viris la, al pran vaksen. Sa a se pi bon fason pou ou rete an sante.

"Mwen pa te konnen twòp enfòmasyon sou epatit B avan mennaj mwen te teste pozitif. Kounye a mwen konnen kijan pou mwen menm ak fanmi mwen evite pran viris la."

Kijan mwen kapab pwoteje fanmi mwen pou yo pa pran epatit B?

Li posib pou evite HBV. Yon gwoup vaksen epatit B kapab pwoteje ou ak fanmi ou pou nou pa pran viris la. Kontake depatman sante lokal ou oswa pwofesyonèl swen sante ou pou enfòmasyon sou kote ou kapab jwenn vaksen epatit B a. Nan kèk ka, ou kapab pa bezwen peye pou piki yo.

Piske se nan san HVB simaye, piga ou pataje bagay ijiyèn pèsonèl ou ak zegwi ak sereng ak okenn moun. Si ou menm, oswa yon moun k ap viv lakay ou gen HBV, se pou ou kouvri tout blesi oswa maleng pou w evite pran enfeksyon an oswa bay lòt moun li.

Souvan, moun ki gen HBV yo pa santi okenn sentòm. Sèl fason pou ou konnen si ou gen HBV se lè ou al teste.

Bagay sa yo PA simaye epatit B:

- ❖ Manje ak dlo
- ❖ Estènen oswa touse
- ❖ Anbrase oswa bo
- ❖ Kenbe men oswa sere nan bra
- ❖ Bay tete

Rezon pou ou pran vaksen yo:

- ❖ Pwoteje tèt ou ak lòt moun pou nou pa pran enfeksyon HBV a. Sa gen ladan bay pitit ki nan vant ou a HBV.
- ❖ Tout moun k ap viv nan menm kay ak yon moun ki gen HBV ta dwe chèche konnen si yo pa genyen li tou epi pran vaksen si yo poko gen pwoteksyon.
- ❖ PPwoteje ou kont kansè nan fwa. HBV se koz prensipal kansè nan fwa Ozetazini.

Sonje:

Si moun ou nan relasyon avèk li a di ou li gen HBV, ou ta dwe al teste epi konsidere pran vaksen.

Sèks se yon fason anpil moun bay lòt moun HVB. Piga ou fè sèks san pwoteksyon jiskaske ou konnen si ou genyen li ou pa. Itilize yon kapòt oswa lòt pwoteksyon baryè latèks. Sa gen ladan tibèf, sèks nan dèyè ak sèks nan vajen.

Yon manman kapab bay pitit ki nan vant li HVB tou (transmisyon perinatal). Si ou ansent oswa ou gen plan pou ou ansent, pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou fason ou kapab fè tès la ak pran vaksen an.